

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- #SHOWUPMDCPS
- AKADEMI PARAN AN
- KONSÈY SOU SANTE MANTAL POU SEZON FÈT LA

DESANM 2020

Biltèn 13 | NIMEWO 69 |

M-DCPS Ap Swete Nou Bòn Fèt

Pandan n ap selebre sezon fèt la e n ap konte jou pou nou antre nan nouvo ane a, nou voye gratitud ak tout kè nou pou elèv, anplwaye ak fanmi nou yo. Ane sa a te vrèman difisil, men li montre nou tou ki

kalite pisans kominote a genyen. Nou tout te pèsevere ansanm.

Pandan sezon fèt sa a, nou swete ou menm ak fanmi ou yon moman lapè, lasante, ak anpil kè kontan.

Kèlkeswa sa 2021 pote, nou ap kenbe angajman nou pou n ofri yon edikasyon klas mondyal pou tout timoun e pou pwoteje sante ak byennèt pou tout kominote nou an.

NOU KAPAB, N AP REYISI

NOU KAPAB
Adapte
NOU PRAL
Byen degaje n

#NouKapabNapRive



Avèk sezon fèt la ki ap rive sou nou nan mitan yon pandemi global, nou chak dwe jwe wòl pa nou pou asire sante ak byennèt kominote nou

an. Tan sa a kote jeneralman moun konekte avèk moun yo renmen ap sètènman parèt diferan ane sa a. Poutan, nou dwe met tèt ansanm pou nou rekonèt puisans kolektif nou genyen lè nou met tèt ansanm pou n fè fas ak kriz sante piblik sa a. Ekspè yo prevwa yon ogmantasyon nan ka COVID-19 yo pandan sezon fèt la, men nou ka redui kontaminasyon an lè nou pran bonjan prekosyon.

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) mete ansanm ak Miami-Dade County nan kanpay #WeCanWeWill pou pataje mesaj

ijan sa a ansanm, Nou Ka Adapte Nou e N Ap Reyisi leve defi sa a. Nou ankouraje fanmi M-DCPS la pou yo kontinye kouvri vizaj yo, kenbe distans fizik, e lave men yo souvan pandan y ap kontinye pran prekosyon tou nan chwa y ap fè pou rankontre lòt moun andeyò fwaye yo, soti piblik y ap fè, ansanm ak lòt kalite sitiyasyon sosyal. Nou envite elèv, fanmi, ak anplwaye nou yo pou mete vwa yo ansanm ak pa nou pou di Nou Kapab N Ap Reyisi kanpe kontaminasyon COVID-19 la. Annou pran angajman pou n travay ansanm pou n kenbe kominote nou an ansekirite.



Nèf mwa de sa, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) te met ansanm ak plizyè santèn distri lekòl atravè lemond lè li te oblije fèmen etablisman li yo fizikman e fè tranzisyon nan aprantisaj a distans akòz pandemi COVID-19 la. Kantite tan elèv yo fè san pwofesè, san aprantisaj fasafas nan bilding lekòl fòse elèv yo fè fas ak presyon san parèy, ki pral san dout lakoz yo tonbe nan defisyans akademik. Pou anpil elèv, patikilyèman sa ki pi jèn yo, sa pral debouche sètènman sou agravyasyon yon eka nan akonplisman/opòtinite pou elèv. Pou adrese defisyans sa yo, Distri a kontwòle e analize avèk atansyon

enfòmasyon konsènan elèv yo. Li evidan, prezans se faktè debaz nan siksè elèv. Elèv ki gen reta oubyen absans eksèsif nan pwogram ansèyman an ap rete dèyè nan akonplisman akademik yo. Absans eksèsif nan lekòl se endikasyon pou move nòt, pèt enterè e sa ka lakoz elèv kite lekòl.

Patisipasyon paran, patikilyèman pou elèv ki pi jèn yo, pou asire elèv yo ale lekòl e yo rete angaje nan aktivite yo.

Anba a n ap jwenn kèk konsèy sou sa ou dwe fè pou w kenbe pitit ou prezan, e angaje nan aprantisaj li.

- Kontakte pwofesè pitit ou e ofri yo enfòmasyon ki ajou sou kontak ou yon fason pou yo ka jwenn ou fasilman. Pataje kèlkeswa enkyetid ou kapab genyen e mande ed si w bezwen.
- Tcheke pitit ou souvan pandan jounen an pou asire yo konekte e yo angaje yo aktivman. Nou tcheke prezans nan chak klas nan MSO, menm jan nou fè sa nan Modèl aprantisaj nan Bilding Lekòl la.
- Pratike fason pou w konekte sou klas sou entènèt e kontakte lekòl la si ou menm oubyen pitit ou bezwen èd pou konekte.
- Suiv prezans pitit yo e enskri pou resevwa notifikasyon atravè Pòtal Paran an lè yo klike sou bouton “View Grades & Attendance” (Gade Nòt ak Prezans).
- Fè prezans lekòl vin yon priyorite. Etabli lè pou timoun al kouche, reveye, e ale nan klas. Pa kite pitit ou rete lakay (e san koneksyon) amwenske li vrèman malad.

HANTMAN, GALLON RETOUNEN POU DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY POU 2020-2021



Perla Tabares Hantman bat yon rekò lè li re-eli pou yon 13èm fwa kòm Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County. Madam Hantman, ki reprezante Distri 4, te eli pou premye fwa nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 1996. Li se premye fi Ispanik ki sèvi kòm Chèmann, e li te sèvi anvan de 1999-2001, e apre sa chak ane konsekutif de 2010-2015 e ankò de 2017 a 2020.



Doktè Steve Gallon III re-eli kòm Vis Chèmann. Doktè Gallon, ki reprezante Distri 1, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 2016. Sa fè dezyèm fwa li ap sèvi kòm Vis Chèmann.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

21 Desanm – 1ye Janvyè
Vakans Ivè

15 Janvyè
Dat Limit pou Aplikasyon Magnèt

18 Janvyè
Obsèvan Dat Nesans Dèt.
Martin Luther King Jr.



Sezon fèt sa a ka trè diferan pou anpil moun ane sa a. An jeneral, dènye mwa yo nan ane a toujou gen anpil fèt ak vizit fanmi e zanmi. Sepandan, ane sa a akòz pandemi 'coronavirus' la, bagay tankou vwayaj e rankontre gwoup ki gen anpil moun kapab pa posib. Chanjman sa a ka difisil pou sipòte e anpil paran ka ap mande kijan yo ka pi byen ede fanmi yo fè fas ak santiman negatif, estrès ak pèt kontwòl ki ajoute sou desepsyon yo genyen.

Anba a n ap jwenn kèk konsèy ak sijesyon pou ede ou menm, pitit ou ak fanmi w fè fas, pandan n ap kontinye pwofite sezon fèt la:

- Konsantre sou moman agreyab an fanmi, san nou pa ensiste sou detay yo.
- Kreye nouvo tradisyon ki suiv règleman sante ak sekirite yo.
- Anseye pitit ou pou yo bati rezistans nan ede yo konbat desepsyon.
- Mande pitit ou kijan yo santi yo, koute e ba yo chwa nan aktivite sosyal pozitif ki onore sezon fèt la pandan n ap kenbe distans sosyal.
- Pratike gratitud e konsantre sou sa ki ap mache byen.

Chèche èd pwofesyonèl si yon timoun gen difikilte pandan plis pase de (2) semèn (mank somèy, chanjman nan fason li manje, vin enkyè, oubyen li dekonekte ak lòt moun):

- **Depatman Sèvis Sante Mantal M-DCPS:**
<http://mentalhealthservices.dadeschools.net>
- **Rele 2-1-1- Telefòn Sipò Miami-Dade County**
- **Telefòn Sipò Nasyonal nan Moman Kriz 24-Èdtan**
Rele: 1-800-784-2433
Tèks: HELLO nan 741741

Nou swete enfòmasyon sa yo ede w jwenn lespwa, lapè, kè kontan ak sans renesans nou toujou jwenn pandan sezon fèt yo.

AKADEMI PARAN AN OFRI AKSÈ AK SIPÒ POU PARAN



Aprantisaj a distans nan tan difisil sa yo raple nou tout wòl entegral fanmi yo jwe nan edikasyon pitit yo. Paran se premye pwofesè pitit ou menm depi lekòl yo te fèmen an mas akòz pandemi COVID-19 la, fanmi yo vin kle nan motive e ankouraje enterè akademik lakay pitit yo, plis pase toutan. Fanmi yo ta dwe konnen yo pa poukont yo nan misyon esansyèl sa a...

"The Parent Academy (TPA)" (Akademi Paran An) la pou nou.

TPA prezante semèn sou entènèt atravè 'ZOOM' chak semèn, ki rele "TPA Live" (TPA Andirèk) ann Anglè, ann Espayòl e an Kreyòl. Semèn sou entènèt ann Anglè yo fèt jou madi a 10è dimaten, 1è nan aprèmidi e premye madi nan mwa a, a 7è diswa. Semèn sou entènèt an kreyòl yo fèt jou mèkredi a 10è dimaten, 1è nan aprèmidi e premye mèkredi nan mwa a, a 7è diswa. Semèn sou entènèt ann Espayòl yo fèt jou jedi 10è dimaten, 1è nan aprèmidi e premye jedi nan mwa a, a 7è diswa.

Pou enskri nan nenpòt semèn sou entènèt "TPA Andirèk" sou ZOOM, paran ak moun ki ap pran

swen timoun dwe vizite <http://parentacademymiami.com> e klike sou lyen lang yo prefere a sou imaj "2020-2021 Workshop Registration" (Enskripsyon pou Atelye 2020-2021) an. Espas yo limite a 500 patisipan pa semèn sou entènèt. Anplis, sit entènèt TPA gen yon bibliyotèk resous vityèl pou pwomouvwa e sipòte aprantisaj lakay, li bay aksè a sijè pou fanmi, enfòmasyon sou distri lekòl la, aktivite vityèl ki amizan ak semèn sou entènèt atravè "Virtual Campus" (Kanpous sou Entènèt) la.

TPA angaje l pou ankouraje relasyon lakay e sipòte pwofesè yo nan travay enpòtan y ap fè. Nan ranfòse rapò sa yo, elèv konprann, paran yo ak pwofesè yo ap travay nan tèt ansanm pou sipòte siksè akademik yo.

M-DCPS AP KONTINYE SÈVI TIMOUN MANJE GRATIS JIS NAN FEN ANE LEKÒL 2020-2021 AN



“The U.S. Department of Agriculture (USDA)” (Depatman Agrikilti Etazini) anonse li ap pwolonje dispans pou fleksibilite repa ete yo, ki ap pèmèt “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade

County) kontinye sèvi manje gratis pou tout timoun pandan tout ane lekòl 2020-2021 an.

Règleman Eljibilite dispans pou timoun ki anba 18 ane yo enpòtan sitou pou kominote ki gen anpil bezwen yo tankou Miami-Dade County. M-DCPS toujou ofri dejene gratis pou tout elèv, men dispans federal sa a pral pèmèt lekòl yo sèvi dejene gratis ak repa midi bay tout timoun, kèlkeswa kondisyon sosyo-ekonomik fanmi yo. Sa ap ede nou asire tout timoun yo jwenn aksè a manje nourisan pandan moman difisil

sa a nan kominote nou an.

M-DCPS ap kontinye distribye manje bay elèv nan tout andwa lekòl yo. Distribisyon manje tou pake pou ale lakay fèt madi ak jedi, soti 4è nan aprèmidi pou 5:30 nan aprèmidi.

USDA mande pou paran/adilt yo bay prèv idantifikasyon valab pou fè konnen manje yo se pou timoun 18 ane oubyen pi jèn, si timoun nan pa akonpaye yo pandan distribisyon an. Idantifikasyon yo ka sou fòm yon kat ID, kanè, oubyen rapò pwogrè elèv la.

TRADISYON ANYÈL ‘PRINCIPAL TODAY’ AP KONTINYE ATRAVÈ VIZIT SOU ENTÈNÈT



Nan dat 7 desanm, “Miami-Dade County Public Schools’ (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) te lanse evènman anyèl “Principal TODAY” (Direktè JODI A), pou

kontinye tradisyon li genyen pou ankouraje biznis/lidè kominote yo sèvi kòm direktè lekòl. Ane sa a, evènman an te fèt sou entènèt l ap dire yon semèn.

Objektif pwogram nan se pou patisipan yo bati relasyon e pèmèt eksperyans jounen an devlope pou li vin tounen yon relasyon ki dire lontan e ki amelyore anviwònman aprantisaj la e sipòte siksès elèv yo. Direktè yo ak patnè yo ka diskite sou objektif alontèm yo e ide patnè a ka kapab kolabore oubyen ede avèk yo.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Fason pou Etabli Objektif


<https://bit.ly/33c27ID>

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

13 Janvyè

11:00 dimaten

Reyinyon Regilye



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèentandan Lekòl yo
Christi Fraga	Maria Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon